



SÖLDA LAPÈ



Aktivite militè MINISTA yo. Lèt enfòmasyon nou an.



Nimewo #6 - Prentan 2013

Kontakte nou...

UNITED NATIONS
United Nations
Stabilization Mission in Haiti

 MINISTA

NATIONS UNIES
Mission des Nations unies
pour la stabilisation en Haïti

BIWO ENFÒMASYON PIBLIK
MILITÈ YO (MPIO)

Kan Delta
Taba 41, Boulva 15 oktòb
Bwat postal 13363
Pòtoprens, Ayiti

Nimewo 69 80
mpio-clerk@un.org



Pou aprann plis sou MINISTA...



Paj Web
MINISTA a



MINUSTAH
Sou Facebook



MINUSTAH
sou Twitter



MINUSTAH
sou Flickr



Sipòte sòlda lapè pa'w la!

- ✖ Eske ou gen yon mesaj ou vle voye bay solda pou lapè pa'w la, pou yon evènman espesyal?
- ✖ Eske ou vle di'l sèlman ou sonjel?
- ✖ Eske ou vle voye yon mesaj sipò pou lapè an Ayiti?

Ou kapab voye mesaj pa'w la nan adrès sa a:
support_haiti_peacekeepers@hotmail.com

Men kèk enstriksyon:

- ✖ Ekri non'w, non peyi'w ak non sòlda pou lapè pa'w la.
 - ✖ Si ou voye mesaj ou a pou tout sòlda pou lapè an nayiti, ekri sèlman sa.
 - ✖ Mesaj ou a dwe kout, pa anpil.
- Si ou respekte enstriksyon sa yo mesaj la ap pibliye!

Mesaj sa se pou ITN FN Michel, Brasil: "Meu amor, gostaria de dizer o quanto me orgulho de você, de sua profissão... Sei que o sacrifício de permanecermos longe durante tanto tempo tem um motivo muito especial...afinal trata-se de uma missão de Deus para você aí no Haiti. Que Deus te abençoe... te amo muito e morro de saudades." - Ana, Brasil

Mesaj Kòmandan Fòs Militè a



Kas ble mwen yo,

Mwen kontan anpil deskè mwen la nan peyi Dayiti e se yon gran onè pou mwen paske mwen nan tèt yon kalite fòs pwofesyonèl konsa. Kas ble mwen yo - mwen konnen nou gen diferan fòmasyon, pale plizyè lang e pote anpil bon konesans nan misyon sa. Mwen fyè pran tèt misyon sa pou nou ka kontinye ede pèp ayisyen an..

Mwen okouran de tout defi kap tann nou nan kad travay sa. Nan mitan tout defi sa yo, nou vini ak anpil opòtinite kap pèmèt amelyore kalite vi pèp ayisyen an. Nan ane sa nou gen pou nou pase ansanm nan, mwen deja pare pou mwen pran mezi pou akonpli manda misyon an epi tou travay ak lidè e otorite peyi a pou nou ranfòse bon jan koperasyon. Mwen ka asire nou pa genyen anyen nou pral fè la ki ap fasil, men travay nou pral reyalize a ap fè diferans lan - e Mwen apresye travay ak sakrifis nou.

Mwen trè rekonesan anvè Majò Jeneral Goulart pou bél travay li akonpli nan mennen fòs militè a pandan ane ki sot pase a. Se yon privilej pou mwen kontinye travay sa. Travay nou reyalize nan ane ki pase yo, ak objektif nou pou sa kap vini yo montre angajman fòs militè a pou sèvi pèp ayisyen an ak dwa yo pou yo gen yon lavi miyò. Mèsi ak nou tout paske nou fè pati de pwomès sa.

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Edson Leal Pujol".

Edson Leal Pujol
Lyetnan Jeneral
Kòmandan Fòs Militè a
MINISTA



Palem de misyon w...



Milan, NEPBATT, 29

Mwen se Kapitèn Milan Thapa nan initiate kalvè lame peyi Nepal. Mwen se manm douzyèm batayon KHADGA DAL peyi Nepal nan MINISTA. Se premye misyon mwen nan Nasyonzini. Mwen ap fè yon bél eksperyans la an Ayiti. Douzyèm batayon Nepal la ap akonpli bon travay e kontribiye anpil nan misyon an. Nou patisipe nan aktivite sekirite, patwou ak anpil lòt aktivite sivil-militè tankou distribisyon manje ak dlo, swen medikal nan òfelina ak kan moun deplase yo.

Mwen ap travay kòm ofisyè CIMIC G9 e mwen santim gen anpil chans paske mwen gen opòtinite poum sèvi lòt ki nan bezwen yo. Sa reprezante anpil bagay pou mwen paske mwen kapab ede moun ki pi pa genyen pasem e sityasyon timoun nan òfelina ak kan moun deplase yo touchem anpil. Se yon privilèj pou mwen ka sèvi yo jan mwen kapab.

Se vre mwen sonje fanmim, zanmim ak peyim, men lèw se yon solda, ou dwe mete devwa avan tout bagay. Mwen trè kontan de travay map fè a paske gen moun ki bezwen sekirite, laswenyay, manje ak dlo pwòp e sim te rete lakay mwen paske mwen fatige ou byen mwen malad, bezwen yo pa tap satisfè. Chak jou, mwen akonpli travay mwen pou yon koz, ki se tabli yon anviwonman sekirize ak estab nan peyi a ki ap goumen poul ka soti anba konsekans dezas natirèl, pwoblèm sekirite, enstabilite politik ak lamizè. "Lagè pa yon solisyon pou lapè, men lapè se son solisyon pou lapè."

Se yon onè poum sèvi initiate mwen nan, peyi mwen, Nasyonzini ak pèp ayisen an!

Milan Thapa



**BATAYON
PEYI NEPAL**

Vizite timoun, fè yo ri

Jou ki te 6 fevriye a, Karant solda lapè batayon brezilyen 2 a te vizite preske 150 elev kindergaten nan lekòl Marie Reine Immaculée ki sitiye sou Lali. Yo te bay timoun yo lesion sou kijan pou yo bwose dan yo, pataje yon ti repa ak yo epi divèti yo ak mizik Ayiti ak Brezil.



"Aktivite sa te organize pou ranfòse relasyon yo ak pèp ayisen an nan objektif pou mentni yon anviwonman san danje e kote gen sekirite," dapre Col. Sinval dos Reis Leite, komandan BRABAT 2. "Timoun yo gen yon enpòtans kapital nan avni peyi a. Pran swen epi edike

timoun sa yo jodya vle di bay peyi a chans poul jwenn ray developman sosyal ak ekonomik nan yon avni ki pa twò lwen."

Vizit nan lekòl sa se youn nan plizyè vizit litlit solda BRABAT 2 mennen e reprezante angajman MINISTA pou kontribiye nan yon lavi miyò pou pèp ayisen an.





Pi Lwen ke Syèlla

Mwa fevriye ki sot pase a reprezante yon peryod enkwayab pou disetyèm fòs delè gwoup elikoptè peyi Chili a. Nan lannwit kite premye fevrye a, gwoup la boukle 13,000 è vòl li ki dewoule san pwoblèm depi lè yo deplwaye nan misyon an.

Reyalizasyon sa te posib lè de elikoptè UH-1H te ateri sou gazon èpòt entènasyonal Tousen Louvèti a nan Pòtoprens apre yo te finn tanmen vòl rekonesans kote yo te itilize linèt ki pèmèt yo wè lannwit. Kòmandan gwoup elikoptè a, Oscar Zambrano Guevara, ki tap retann sou pelouz la retou avyon an te selebre kokenn reyalizasyon sa.

“Se tèt ansanm ki pèmèt nou reyalize tout lè vòl sa yo. Sa se gress sab sa ki relye manm disetyèm gwoup la ak tout lòt gwoup elikoptè yo ki te konplete misyon nan peyi Dayiti yo avan disetyèm nan. Nou trè fyè deskè nou genyen resous imèn ak materyèl ki pèmèt nou bay yon travay de kalite ak wo nivo, yon travay ke Nasyonzini trè apresye.”



Gade pilòt chilyen yo àtravè zye linèt ki pèmèt yo wè pandan lannwit...



Soti mwa dawout 2012 rive fevriye 2013, disetyèm gwoup elikoptè chilyen an pèfòme 511.4 è vòl an total san konte evakiyasyon medikal, vòl rekonesans sou peyi a, vòl lannwit ak NVG e ki pèmèt li boukle 13,000 è vòl pandan tout misyon an. Gwoup la tou okipel de fòmasyon, mentnens vòl yo ak transfè.

Gwoup chilyen an se sèl inite nan peyi Dayiti ki gen mwayen poul pèfòme misyon pandan lannwit.





Fanm nan Misyon lapè

Pandan mwa mas la, MINISTA metel ansanm ak tout nasyon nan mond lan pou selebrasyon jounen entènasyonal fanm yo, ki komemore chak 8 mas. Yon pakèt aktivite te òganize pa sèlman jou ki te 8 mas la men pandan tout mwa a pou make reyalizasyon fanm yo nan domèn ekonomik, politik ak sosyal. Tèm Nasyonzini retni pou lanne 2013 la se "Yon pwomès se yon pwomès, li lè pou nou pran aksyon pou nou kaba vyolans kap fèt sou fanm" rekonèt enpòtans tout moun- enpòtans nou tou tankou sòlda lapè - rete veyatif nan sa ki konsène sekirite, emansipasyon ak egalite pou tout fanm.

Chak jou Bondye mete, nan fòs militè a, medam sòlda nou yo mennen yon pakèt misyon enpòtan e yo angaje yo pou amelyore kalite vi pèp ayisen an. Medam nou wè nan paj sa yo reprezante echantyon medam vanyan kap travay pou tabli lapè nan peyi a.

Koudèy sou fanm ki nan fòs militè a



Fanm ki ofisye : 1



Fanm Kas ble: 161



Konbyen peyi ki voye fanm nan misyon an: 11

Pousantaj fanm ki nan fòs militè a:
2.4%



*Lt. Perla
Barrientos Celeste Neira
Dizneyèm batayon chilyen
nan Kap Ayisen*

Perla responsab transpò ak antretyen machinn yo tankou bis, kamyon ak machinn blende 4x4 yo. Li se youn nan onz fanm nan batayon an, li asire tou prevansyon antretyen machinn yo pou yo ka toujou pare pou transpòte èd imanitè- ki se youn nan potomitan misyon an.

"Definitivman, misyon sa fèw apresye travay wap fè a, pa sèlman tankou yon ofisye men tankou youn moun - li se yon pon ant sòlda yo ak pèp ayisen an, finalman ou genyen motè sa kap pote èd ak lajwa bay tout timoun ak fanm kap chèche lapè ak sekirite pou peyi yo. Mwen santim fyè antan ke fanm, nwit apre nwit, lèm monte kabann mwen, mwen gade kas ble mwen an epi mwen di misyon akonpli."



*PTÉ Shanti Karki
Douzyèm batayon peyi Nepal,
Batayon Khadga Dal*

Sa fè sèt lanne depi ke Shanti fè pati polis militè lame Nepal la. Li ap bay pèp ayisyen an sekirite, li kontwole tou aksè nan rantre baryè baz la.

“Mwen fyè pote tag polis militè a a ak tout drapo MINISTA a. Mwen santim trè fyè poum sèvi inite mwen an, peyim, Nasyonzini ak pèp ayisyen an. Travay nou se ankouraje tout moun nan lit yo jiskaske yo atenn ideyal yo.”



SOLDAT LAPÈ



*Major Zulema Lombardi
Konpayi peyi Pewou*

Zulema travay tankou chèf trètman medikal ak evakiyasyon pasyan nan seksyon sante PERCOY.

“Paske mwen se yon manm nan yon misyon lapè, pèmèt mwen emansipe, men li pèmèt mwen tou bay bon jan swen medikal ak anpil moun ke mwen ka pa janm wè ankò. Jounen travay mwen trè long e wout ak santye yo difisil, menm si mwen travay 4 ak 5 è detan san pran souf men lèm wè souri ak tandrès ki reflete sou vizaj timoun map trete yo, sa fèm konprann ke mwen byen akonpli misyon mwen.”





*CPL Nicole Figueroa Mella
Disetyèm Konpayi jení chilyen
ak ekwatoryen*

Nicole gen sèt lanne nan lame peyi Chili. Li ap travay nan MINISTA kòm chofè pwa lou pou CHIECUENGOY.

“Mwen fyè paske mwen se yon sòlda lapè, mwen travay kòm chofè pwa lou, sa ki pèmèt mwen patisipe nan amelyorasyon wout yo anplis mwen patisipe nan aktivite sosyal pou ede popilasyon an, vizite òfelina ak lekòl kote nou pote sekou ak lajwa bay timoun yo.

Mwen se yon fanm disetyèm kontenjan CHIECUENGOY lan, mwen jwe menm wòl ak yon gason, e nou menm fanm nou montre kapasite nou, se sak fè nou fè pati misyon lapè yo. Se yon privilèj lè ou fè pati de plizyè peyi ak diferan kilti ki ini yo pou yon sèl objektif ki se tabli lapè ak estabilite nan kalite bél peyi sa.”



*1st Lt. (seksyon medikal) Luciana Bessa de Paiva
Marin peyi Brezil (BRAMAR)*



Sa fè de zan depi ke Luciana rejwenn marin peyi Brezil e aktyèlman lap travay nan seksyon sante gwoup marin peyi Brezil la ki nan peyi Dayiti. Li okipe pozisyon adjidan nan seksyon an epi li okipel de byenèt inite a.

“Nou pote kontribisyon pa nou nan misyon an lè nou bay swen ak sòlda nou yo, ak kòlèg ayisen nou yo, ak popilasyon an depi yo bezwen nou. Nou bay kou sou lasante ak ijyèn e distribiye dlo, rad ak pwodwi ijenik. Sak rann nou espesyal se fason nou menm sòlda marin brezilyen yo travay ak popilasyon an, ak tout chalè nou, senpati, tolerans e sak pi enteresan an se paske nou toujou mete tout fòs nou nan sa nap reyalize yo.”

Fanm Vanyan nan MINISTA



Maj. Carla Beatriz
Medeiros de Souza
Albach, Entèprèt Chèf
BRABAT^{2 a}



Lt. Marcella Meira, Ofisyé
medikal BRABAT¹



Prive Mariam Vasquez
Garcia, Entèprèt
GUAMPCOY



Ofisyé teknik Amrita Gurung,
Enfimyè NEPBATT



Twazyèm sèjan Danielle da Silva
Cunha, Ofisyé medikal
BRAENGOY





Prive (Dokte) Flor Leticia
Saralegui Vera, Batayon
Irigwe 2



Séjan María José Ferreyra
Bouchard, mekanisyen elikoptè,
Inite avyasyon peyi Ajentin



Lt. Nayke Malasquez Pastor,
Ofisyé administratif konpayi peyi
Pewou



Lt. Patrícia Pires, dantis
batayon brezilyen 1



*"Gason dwe aprann chak gason ke
vrè gason pa vyole ou maltrete
fanm – e plas yon fanm se pa
sèlman nan kay ou byen sou teren
men nan lekòl ak nan konsèy
administrasyon."*

Sekretè Jeneral Nasyonzini Ban Ki-moon

Adjidan Luzminda Nachor ak
adjidan Ana Marie L Lopez , Marin
filipin, sekretè militè nan biwo
pèsonèl (U1)



Tèt Ansanm pou fanm Ayisyèn yo

Jou ki te 6 mas la, anpil sòlda lapè te gen opòtinité pou kontribye nan amelyorasyon lavi ayisen kap viv nan kan Tabarre-Issa.

Plis pase 90 sòlda lapè plis 34 fanm nan konpayi Bolivi a, konpayi enjenyè Paragwe, konpayi Pewou, ak Konpayi CHIECUENGOY la te patisipe nan aktivite sa ki te òganize pou satisfè bezwen medam nan kan sa yo nan okazyon jounen entènasyonal fanm yo.

Pandan jounen aktivite sa, plizyè santèn rezidan nan kan sa, fanm tankou timoun, te resevwa swen dantè, bwòsdan, mayo, kit ijyèn, dlo ak manje.



Staf medikal la te fè atelye sou prevansyon VIH ak maladi twopikal.

Sòlda yo te mete anbyans tou kote foul la te apresye mizik ak prezantasyon yo e gwoup komedi peyi PERCOY la “ Funny times” tap mete animasyon dans ak jwèt pou timoun yo.



Kan Tabarre-Issa sitye nan zòn operasyon BOLCOY e li tou pre kan Charlie MINISTA kote majorite sòlda ki te patisipe nan aktivite sa abite. Jounen aktivite sa pa sèlman ede moun kap viv nan kan an men tou li pèmèt gason ak fanm nan MINISTA kolabore ansanm epi lonje men ak vwazen yo ki ap viv pa twò lwen baz yo.



OBJEKTIF : SITE SÔLÈY

Operasyon ADSUMUS III, se yon operasyon sekirite ki makònnen ak aktivite pou ede popilasyon an nan Site Sòlèy, objektif li se te kraze tout enfliyans kriminèl, ranfòse etadedwa e ranfòse relasyon yo ak pèp ayisyen an - E sòlda lapè brezilyen yo te nan kè aksyon an.

Nan maten ki te 8 fevriye a, Site Sòlèy te chofe anpil. Tansyon nan mitan popilasyon an te tèlman fò ke te gen yon manifestasyon vyolan ki te paralize zòn "Sous matla a," ki sitiye nan kè Site a. Pou te bay repons ak sitiyasyon an, tout fòs sekirite yo, sou kòmandman BRABAT, te lanse "Operation ADSUMUS II," yon operasyon pou te ka retabli lòd.

Pandan operasyon an, 220 sòlda brezilyen, 60 sòlda bolivyen, 60 polisye FPU, 10 polisye UNPOL ak 42 ajan PNH te sèkle zòn nan, entèvni pou dispèse manifestan yo e debloke wout yo. Misyon an te yon siksè - Nan aprèmidi, lalwa ak lòd te retabli.



Yon semèn apre, jou ki te 15 fevriye a, sòlda brezilyen yo te retounen nan zòn nan. 250 sòlda BRABAT 1 ak BRAMAR te lanse "Operation ADSUMUS III," ki te gen pou objèktif non sèlman pou ranfòse sekirite ak estabilite nan reydon an men tou pou montre popilasyon an ke fòs lapè MINISTA a angaje pou garanti yon vi trankil pou tout sitwayen.

Operasyon an te prezante anpil defi. Sous matla karakterize pa yon pakèt riyèl ki fè machinn militè yo paka pase e avan sa pat janm gen aktivite militè sivil nan zòn nan. Sòlda brezilyen yo te arive simonte obstak sa yo, e te mete sou pye patwouy a pye e nan machinn epi yo te tabli pòs kontwòl ak fouy.


ADSUMUS III te plis ke yon operasyon sekirité, sepandan, pou yo te ka tabli sekirite ak estabilite nan rejyon an vre, sòlda yo te ranfòse koperasyon ak popilasyon nan zòn nan.



Enplis patwouy ak pòs kontwòl yo, twoup yo ranmase fatra ak distribiye dlo, bay fanm ak timoun swen lasante, jwe foutbòl e mete penti sou vizaj timoun yo. Anpil kloun tap mete animasyon e tap fè timoun yo danse e jwe. Antou, plis pase 600 moun nan zòn nan te patisipe nan aktivite sa.



**PREMYE BATAYON
PEYI BREZIL**





Bay Kado Lavi

Twoup PHILCOY yo montre ke ou pa bezwen yon ero pouw sove lavi - ou ka jis fè yon ti kouche pouw fè sa!

Sòlda lapè Konpayi Filipin yo (PHILCOY) bay pèp ayisyen an yon kado avan Sen valanten ane sa- yon kado ki paka fèt nan faktori ou byen vann nan mache- e ki te gen plis valè ke kado yo konn bay nan sezon fèt yo tankou bijou, flè ou byen sirèt. Jou ki te 10 fevriye a, sou sipèvizon volontè lakwa wouj yo ki te gen nan tèt li Doktè Uric Jean Baptiste, sòlda yo te bay san yo nan katye jeneral PHILCOY la ki nan Kan Delta nan Pòtoprens.



Apre yo te finn ranpli tout enfòmasyon yo sou yon papye, doktè Baptiste te pran tansyon chak sòlda e konsilte yo avan yo kòmanse bay san yo.

Antou 157 sòlda te patisipe nan aktivite sa men sèlman 97 nan yo te an mezi bay san yo. Manm kominate filipin yo tou te prezan nan aktivite sa Selon SN1 Marilou S. Galido, PN, yon sekretè nan biwo dezyèm chèf fòs militè a, bay san gen yon siyifikasyon espesyal.

“Kòm se premye fwa nou òganize jan de aktivite sa, se te yon onè pou mwen poum te patisipe nan yon si gran aktivite poum te ka pataje san mwen ak frèm, sèm peyi Dayiti yo. Se yon jès jenewozite e youn ede lòt,” “Mwen trè fyè patisipe nan yon aktivite konsa.”



Pwojè a fini byen ta e Kolonèl Jimmy Larida, PN(M), Kòmandan kontenjan Filipin an, remèt san yo te rekeyi a bay anchèf lakwa wouj la.

Kolonèl Larida salye enpòtan kontribusyon volontè lakwa wouj yo e tout sa ki aksepte bay san yo.

Larida ajoute poul di “Pou nou sèvi MINISTA pi byen, donasyon san sa se yon aktivite ki pèmèt nou voye yon mesaj klè bay tout aktè yo ke nou sousye pou lavi chak ayisyen,” “Deviz aktivite a: Bay san, sove vi, vle di tout bagay. Donk se yon plezi pou nou ede, sove vi moun nou pa menm konnen. Li ka nenpòt moun ki nan lari a.”


Pou montre apresyasyon li, Kolonèl Larida tache yon ti drapo filipen nan kolye chak volontè lakwa wouj yo nan non PHILCOY.



Plis pase 100 resipyen te rekeyi- preske kont pou ranpli yon tank gaz machin Nisann Patwòl Nasyonzini yo!




Enfòmasyon sou donasyon san



Yon resipyen san ka sove twa vi



Chak de segond,
yon moun
bezwen pran
san



Yon adilt gen 10 resipyen
san nan kòl. Ou bay yon
resipyen lè ou fè yon
donasyon san.



OPERASYON HERCULES: TWA ZÒN, YON MISYON

Jou ki te 6 fevriye a, batayon ajanten an (ARGBAT) mennen operasyon Hercules- operasyon an te pote non dye grèk la- epi te tou pwofite montre fòs yo ak bay yon prezans sekirité nan zòn nan. Menm jan an tou, operasyon an te pèmèt anpil aktivite sivil-militè nan twa zòn enpòtan ARGBAT deplwaye yo : Sen Mak, Desalin ak Gonayiv. Operasyon HERCULES la te gen de objektif: bay kriminèl yo yon cho fòs ak sipòte moun nan zòn yo ki plis nan bezwen yo.



Operasyon an te gen ladanl 22 machinn transpò, veyikil sipò ak plis pase 150 gason ki soti nan de konpayi enfantri ARGBAT la ak konpayi sipò a.

HERCULES kòmanse douvanjou kote yo te kòmanse aliyen machinn yo nan lari a. A sizè, mouvman an te nan wout pou premye destinasyon an ki se te vil Sen Mak. Avan yo debake, twoup enfantri yo te deplwaye e pandan pase plis dezètan tap mennen patwouy nan chak kwen nan zòn nan. Popilasyon an te reponn pozitivman.

Twa zè apre, operasyon an te tanmen nan vil Desalin kote ARGBAT te fè menm jan ak Sen Mak. Pandan yo tap mennen patwouy nan vil la, yon ekip tap distribiye dlo potab nan youn nan zòn ki te plis gen bezwen nan vil la. Antou, yo te distribiye 5,000 lit dlo.



Alafen, twazyèm faz operasyon an te lanse nan vil Gonayiv. Twoup yo te mennen patwouy nan vil la pandan plis ke twazèdetan e yo te distribiye tou 5,000 lit dlo nan katye Bigo.

Operasyon HERCULES, menm jan ak tout operasyon ak aktivite MINISTA yo, te gen pou objektif montre prezans Nasyonzini ak pèp ayisyen an e montre angajman yo tou pou ede sila yo ki nan difikilte.

BATAYON PEYI AJANTIN





Konstwi yon kominote san danje

Sòlda lapè GUAMPCOY yo inogire yon pwojè enpak rapid nan Kafou jou ki te 30 janvye a.

Mwa septanm ane pase a, sòlda lapè GUAMPCOY yo (polis militè Gwatemala yo) te lanse yon pwojè enpak rapid nan anèks Mahoudou" nan lekòl miks Sen Wòch nan zòn Kafou. Pwojè a te pran nesans sou demand Sosyete Prèt Sen Jak yo, yon kongregasyon reliye ki responsab lekòl la ak de lòt anèks, epi kap desèvi preske 800 timoun ak adolesan nan twa diferan katye.



Pandan plis pase de mwa, twoup yo tap travay di, yo konstwi yon teren espò, leve yon gwo mi ki klotire lekòl la pou sekirite timoun yo, e repare plizyè sal klas, koule makadanm atè a epi enstale yon nouvo sistèm elektrik. Konplèks la sitye nan zòn riral komin Kafou e li plis pase yon lekòl- Se yon espas tou kote plis pase 3,000 manm Kominote Sen Wòch-Difresne la vinn rasable ak detann yo. Popilasyon lokal la benefisyé de pwojè sa kap kontinye sèvi kominote a pandan anpil ane ankò.

**POLIS MILITÈ PEYI
GWATEMALA**



Metye lapè a



Nan lanne 2012 la, Peyi Irigwe komemore 60 lanne misyon mentyen lapè nan Nasyonzini san yo pa rate yon jou. Kòm ane 2013 la fenk kòmanse, sòlda Irigwe yo kontinye ap fè gwo efò pou pote lapè pou pèp ayisen an.

Sòlda lapè ki sot nan tout peyi ak tout koulè drapo pote konkou yo ak MINISTA depi li tabli nan peyi a. chak nasyon ki kontribiye nan misyon an gen ekspéryans ak istwa pa yo pou yo rakonte. Yon ti istwa tout moun konnen, ki fè fyète sòlda li yo, se kijan peyi Irigwe kontribiye nan plizyè misyon atravè lemond depi 60 lanne.

Nan fen mwa fevriye a, Irigwe preske gen 950 sòlda ki deplwaye nan MINISTA. Istwa yo nan misyon mentyen lapè al pi lwen ke sa. Peyi Irigwe ap sipòte aksyon Nasyonzini depi lanne 1952 lè li te voye obsèvatè sou fwontyè peyi End ak Pakistan. Menm avan kreyasyon Nasyonzini, kat sòlda Irigwe te patisipe an 1935 nan yon misyon entènasyonal lapè nan Chaco Boreal apre yon konfli ame te eklate ant peyi Bolivi ak Paragwe ki se te pi ansyen aksyon militè Irigwe nan sèvis lapè nan lòt peyi. Antou, Irigwe patisipe nan 29 operasyon kote li deplwaye 37,000 gason ak fanm. Nou ka di, peyi Irigwe kontribiye ak plis sòlda lapè an pwopòsyon ak popilasyon li a ke lòt peyi yo e li okipe dizyèm plas

nan kontribisyon li bay antèm pèsonèl militè. Nan fen ane 2012 la, 2434 Irigweyen te deplwaye nan Nasyonzini, 91 obsèvatè e 2400 sòlda kontenjan. Yon lòt enfòmasyon ki enpòtan sèke 4.24% Irigweyen ki deplwaye nan misyon atravè lemond yo se fanm.

Yo rekònèt wo nivo Angajman peyi Irigwe nan misyon mentyen lapè yo . Nan mwa jen 2011 lan, pandan yon diskou nan lekòl nasyonal pou mentyen lapè nan Montevideo, kapital peyi Irigwe, Sekretè jeneral Nasyonzini an te fè lwanj pou angajman peyi Irigwe nan operasyon mentyen lapè nan mond lan.

“Lè nap gade sou popilasyon yo, pa gen peyi ki kontribiye ak plis twoup ke Irigwe. Sipò nou ede dirèkteman milyon moun nan bay sekirite ak fè pwomosyon rekonsilyasyon, netwaye kote ki gen min yo, demobilize konbatan yo, ranfòse enstitisyon yo, ak etadedwa, bay èd, rapatriye refijye yo ak moun ki deplase yo, sipòte eleksyon demokratik, refòm nan sektè sekirite a ak anpil lòt ankò.”

KAS BLE IRIGWEYEN YO AP TRAVAY NAN PEYI DAYITI



Nan foto ki Pi wo a: yon sòlda URUBATT 1 ap nouri timoun nan lekòl "Lt. Col. Gonzalo Martirené" nan Laskawobas jou ki te 21 janvye. Batayon an ap travay ak Sant evanjelik edikatif ki nan Laskawobas sou konstriksyon lekòl la.



Twoup URUBATT 2 mennen yon patwouy "ensèsyon ak ekstraksyon" nan Maben Kwochi pou fè pwomosyon yon prezans vizib, sansibilize sitwayen yo, restore e tabli yon anviwonman sekirize ak konbat krim.

Yon sòlda URUBATT 2 kap patisipe nan yon pwòje distribisyon dlo. Soti 15 rive 21 fevrye, 12,000 lit dlo te distribye nan plizyè zòn nan Fò Libète ak Wanament - 1,285 ayisyen te benefisyé.



Sòlda URUBATT 1 yo kontinye ak konstriksyon Sant edikatif nan zòn Jenbal jou ki te 8 fevriye a. Lè pwojè a fini, 110 timoun ap ka benefisyé de li.

URUMAR:

OPERASYON BARRACUDA

Jou ki te 6 janvye a, a senk kilomèt de pò Ansagalè a, URUMAR te mennen de operasyon sovtaj pou te ka vinn bay kout men ak de bato ki te an detrè. Premye a se te yon ti kannòt ki te gen de timoun ki tap peche e kannòt la te chavire e timoun yo te kòmanse nwaye. Yon bato patwoy Nasyonzini ki tap teste yon motè nan kare a te vinn bay timoun yo kout men.

URUMAR te sove tou yon ti bato ki te gen 10 moun ladann ak de timoun. Moun sa yo ap travay nan yon ONG ameriken e yo te an vakans.



Sovtaj la te trè difisil paske bato a te anlè yon resif, donk pèsonèl URUMAR yo te oblige naje 100 mèt pou ede bato ki te an detrè yo.





CHIBAT make Gòl ak Nouvo Teren Foutbòl sa

Sòlda lapè peyi Chile yo inogire yon nouvo teren foutbòl pou moun kap viv nan Lafòsèt, nan Kap Ayisyen jou ki te 23 janvye a.

CHIBAT, atravè seksyon rediksyon vyolans nan kominote yo (CVR), inogire teren an apre yo finn pase twa jou ap ranmase fatra, pentire atè a ak konstwi teren an ki tou gen yon sistem elektrik ak pano soleù.

Pwojè a te kòmanse an 2004 ak premye Lyetnan Favio Santibanez, ki se kòmandan batayon an kounye a, ki retounen vinn finn akonpli a misyon kote li te mande èd konpayi "Lynx" 313 ki sipòtel nan devlopman pwojè a.

Seremoni ouvèti a te òganize jou ki te 23 janvye a sou lakou a e kote Chèf Ofisyè reyjonal MINISTA a,



Konstriksyon yon teren foutbòl.



Ak yon kouch penti, teren an kòmanse transfòme.

Emilio Castaneda; Kòmandan CHIBAT a, Lyetnan kolonèl Sergio Estévez Valencia, Ofisyè nasyonzini yo, majistra ak tout lòt sòlda yo ki te travay nan konstriksyon an te preznan. Antou preske mil moun te patisipe nan seremoni an.



Yo koupe ribon nan inogirasyon teren foutbòl la jou ki te 23 janvye a.



Jwèt la kòmanse!

Objektif pwojè sa se te pou enfòme sou enpòtans espò nan yon soyete e ede entwodwi moun yo nan yon vi kote lasante enpòtan. Pwojè a tou te gen pou objektif pou redwi vis tankou alkòl ak krim.

Lè yo te finn koupe ribon an, premye match fouthbòl la ki te opoze Ayisyen fas a Chilyen ak Brezilyen te kòmanse e li te fini zero a zero, moun ki te genyen yo se te popilasyon ayisen an ki ap an mezi pou itilize teren tou nèf sa.



**BATAYON
PEYI CHILI**

SÒLDA LAPÈ



OPERASYON VENICE FREEDOM: AK KOPERASYON NAP MATE KRIMINALITE

Manke Selman yon pa pou lari Potoprens finn gen sekirite nèt al kole, apre yon intevansyon MINISTA-PNH realize nan jou ki te 25 janvye 2013 la.

Twoup Marin Bresilyen yo (BRAMAR), ansanm ak polis Nasyonzini yo (UNPOL), ansamm ak polis Nasyonal Aysyen (PNH) te realize yon operasyon ki rele VENICE FREEDOM, nan zòn tou pre "Bèlè" ak "Dèlma".

Operasyon sa-a te realize pase te gen gang ki tap fonksyone nan zòn "Bèlè" a. Kriminel sa yo te gen men yo tranpe nan ka omisid, vòl, ekstòsyon ak kidnapin. Souvan, moun sa yo te an posesyon zam ilegal ak dwòg e yo te antann yo pou yo ka gen kontwòl zòn alantou yo, ak kontwol zòn komèsyal yo. Mamm gang sa yo te kònن menase popilasyon an, e yo te menm kònن mete lavi popilasyon an an danje lè yo tanmen batay rivalite antre yo menm.



Fòs lòd yo te ansèkle zòn nan e itilize bon taktik, e ansamm yo te rive mete men sou 50 sispekte kriminèl e sezi sèt motosiklèt.

Operasyon sa-a te gen yon lòt objektif enpòtan tou ki se te ranfòse relasyon ki egziste nan mitan manm militè yo, Polis Nasyon Zini yo ak manm PNH yo, e objektif sa trè enpòtan nan ranfòsman lalwa ak lajistis nan peyi a, ak diminye aktivite kriminel yo.



Timoun Ayiti: Avni Ayiti

Sòlda lapè ajanten yo te gen opòtinite mwa sa pou mete gete nan lavi timoun yo.

Jou ki te samdi 16 fevriye a, sòlda ajanten yo te vizite òfelina "Jezi renmen mwen" pou yo te ka pase yon jounen ak timoun ki nan òfelina sa. Òfelina sa sitiye nan youn nan katye ki pi pòv nan Gonayiv, alwès katye Byenak, egzakteman 15 minit lèw finn kite kan ajanten an. Sòlda yo te rive nan òfelina sa vè dizè nan maten e kote responsab la, Mesye Delfin Cebien te resevwa yo. Ekip la te konpoze de 20 gason ki gen diferan responsabilite tankou mizisyen, kizinye, enfimyè, doktè ak dantis.



Timoun yo tou te byen akeyi sòlda yo e yo te chante bél chante byenvini. Dòktè ak enfimyè yo te konsilte timoun yo, plis sa sante yo pat nòmal yo. Pi plis ka yo te resanse se te grip ak kèlke ka malnitrisyon. Pou ka sa yo, dòktè a te bay medikaman nesesè yo e yo te angaje pou yo retounen pou yo ka swiv pwogrè timoun yo. Apre tout bagay sa yo, mizisyen ajanten yo te jwe kèlke mizik peyi yo epi yo te pataje yon bon ti manje akt Chèf batayon an.



BATAYON PEYI AJANTIN



Aprann Medam yo Prepare Bon jan Manje



Karant fanm ayisyèn byen prepare pou sèvi lakay yo ak fanmi yo aprè lè yo finn resevwa diplòm yo. Yo te swiv de kou ak batayon chilyen yo jou ki te 25 janvye a.

Ak sipò sòlda lapè chilyen yo ki fè pati lame ak marin, medam yo pase de semèn ap aprann patisri ak kizin, epi ap pran kou sou premye swen. Tou de klas yo te òganize pou medam ayisyèn yo pou yo te ka ogmante konesans yo epi tou gen yon bagay nan men yo pou yo viv.

Kapitèn Ignacio Olivares, ofisiye lasante a, ba yo klas sou teyori ak praktik sou kijan pou yo pratike premye swen. Te gen anpil lòt sèjan batayon chilyen an tou ki te prezan.



Se Sèjan Armado Pablo Contreras ki te bay kou sou patisri ak kizinn nan. Li aprann medam yo plizyè teknik ak metòd pou yo fè manje , li te aprann yo tou prepare plizyè pla peyi Chili. Konsa, yo te ka konnen lòt kilti tou.

Karant fanm sa yo te resevwa diplòm yo nan men Kòmandan CHIBAT la, Lyetnan Kolonel Sergio Estévez Valencia, Ofisiye reyonal MINISTA a, Soraya Adouane, ak pwofesè chak branch yo jou ki te 25 janvye a.

Aktivite sa fè pati angajman lame peyi Chili a ki deplwaye nan peyi Dayiti pou amelyore edikasyon ak lavi pèp ayisen an.





Orevwa Jeneral Goulart



Nou mete ansanm pou nou di orevwa ak Majò Jeneral Fernando Rodrigues Goulart apre li finn pase yon lanne sèvis nan MINISTA.. Jeneral, nan non tout sòlda lapè yo, nap diw mèsi pou lidèchip ou e nou swetew bòn chans nan tout pwojè ou!



Pandan seremoni ofisyèl pasasyon pouvwa nan Kan Charlie jou ki te 27 mas la nan Pòtoprens, Maj. Jen. Goulart te remèt ofisyèlman fòs militè a bay Lt. Jen. Edson Leal Pujol, ki soti nan peyi Brezil. Apre sa, Jen. Goulart te resevwa meday Nasyonzini an nan men Mesye Nigel Fisher, Reprézantan enterimè espesyal Sekretè Jeneral la (SRSG) pou sèvis li nan MINISTA pandan lanne ki sot pase a. Foto yo se koutwazi Igor Rugwiza, MINISTA.

Maj. Jen. Goulart, te Kòmandan fòs militè MINISTA a soti mas 2012 rive mas 2013. Men kèlke sa li akonpli pandan li tap sèvi misyon lapè nan peyi Dayiti.



Maj. Jen. Goulart ap adresel ak sòlda CHIBAT yo pandan li te vizite Kap Ayisyen jou ki te 23 oktòb 2012 la.



Maj. Jen. Goulart pran tèt fòs militè a kote li te ranplase Majò Jeneral Luiz Ramos jou ki te 27 mas 2012 la. Foto Logan Abassi/ MINISTA.



Maj. Jen. Goulart tap patisipe nan yon konferans de près nan okazyon jounen entènasyonal kas ble yo jou ki te 29 me 2012 la.



Maj. Jen. Goulart rankontre sòlda batayon ajanten yo nan Gonayiv jou ki te 2 dawout 2012 la.



Maj. Jen. Goulart tap salye sòlda yo nan okazyon medal parad batayon nepalè yo jou ki te 2 avril 2012 la..



*Maj. Jen. Goulart
tap gade
Pòtoprens
pandan yon vòl
rekonesans jou ki
te 26 dawout
2012 la poul te ka
evalye sitiayson
an apre pasaj
tanpèt tropikal
Izarak sou zile a.
Foto Logan
Abassi/ MINISTA.*



*Maj. Jen. Goulart
ap salye yon
timoun pandan
operasyon
ADSUMUS III nan
Pòtoprens jou ki te
15 fevriye 2012 la,
yon operasyon
sivil militè pou fè
pwomosyon etadedwa e
konekte ak
popilasyon
ayisyèn nan.*



*Maj. Jen. Goulart
resevwa yon lesion
sou swen dantè nan
batayon Srilankè a
jou ki te 27 oktòb
2012 la.*



*Selon yon
tradisyon
INDOENGOY,
Maj. Jen. Goulart
plante yon pye
bwa pandan li te
vizite sòlda
endonezyen yo
jou ki te 14 avril
2012 la.*



*Maj. Jen. Goulart rekonpanse sòlda peyi Gwatemala ak
meday Nasyonzini yo anrekonesans de sèvis yo nan
MINISTA nan Pòtoprens jou ki te 13 avril 2012. Foto Logan
Abassi /MINISTA.*

Mesaj ansyen Kòmandan Fòs Militè a Majò Jeneral Goulart



Sòlda lapè mwen yo,

Lanne pase, nan mwa mas, mwen rive nan peyi Dayiti nan tèt fòs militè a, kote mwen te pare poum mennen kokenn fòs Nasyonzini sa.

Kounyea, yon lanne apre kòm mwen pral kite misyon an, mwen pran yon ti tan poum reflechi sou tout sa nou reyalize ansanm- anpil aktivite ki kontinye enpresyonem e ki demontre kalib fòs militè nou an.

Pandan tout ane ki sot pase a, nou ede otorite ayisen yo nan kenbe sitiyasyon sekirité peyi a estab, konbat kriminalite malgre yon anviwonman politik volatil, pasaj katastròf ak tanpèt twopikal san konte move kondisyon sosyal ak ekonomik popilasyon an. Nou mennen de tanzantan yon seri de operasyon byen planifye pou ranfòse etadedwa e pèmèt MINISTA, ajans Nasyonzini yo ak lòt òganizasyon gouvènman an, ONG yo pou yo opere san danje nan peyi a. E sak pi enpòtan ankò, preske chak jou, nou mete sou pye pwojè ki pou ede amelyore vi ayisen yo- pwojè enjenyè yo, distribisyon dlo ak manje, swen medikal ak dantè, vizit nan lekòl ak òfelina, ak yon pakèt lòt pwojè ak aktivite.

Depi lanne 2004, sòlda peyi ajantin, Bolivi, Brezil, Canada, Chili, Ekwatè, Lafrans, Gwatemala, Jòdann, Nepal, Paragwe, Pewou, Filipin, Srilanka, Etazini ak Irigwe, plis sòlda peyi Endonezi, Japon ak Kore ki vinn rejwenn misyon an, ekri bèl paj siksè ak bòn volonte nan montay , nan plenn e sou kot maritim peyi Dayiti.

Pandan misyon mwen nan MINISTA, mwen te trè enpresyon e mwen se temwen entegrite, angajman ak detèminasyon nou. Lajounen kou lannwit, san gade sou koulè drapo ak diferans kiltirèl nou, nou travay ansanm tankou yon ekip, ini sou banyè Nasyonzini kote objektif final nou se ede pèp ayisen an. Kounyea, mwen pral retounen lakay mwen, mwen gen konfyans nou pral kontinye ak menm tradisyon an e nap toujou rete angaje ak misyon an nan tout sa nap fè.

Mwen swete nou bòn chans nan pwojè nou. Bon travay!

FERNANDO RODRIGUES GOULART
Kòmandan Fòs Militè a
MINISTA, Mas 2012 – Mas 2013





En deyò de seremoni an...

Pou chak sòlda lapè, resevwa meday Nasyon Zini an reprezante yon gwo moman fyète, prestij ak gratitud pou travay ak sèvis yo nan misyon an. Ribon meday la gen kat koulè: ble a reprezante Nasyonzini; vèt la senbolize koulè peyizaj la ak potansyèl ekonomik peyi a ; ble wa a senbolize oseyan ki antoure zile Ispayola a; e blan an reprezante pwomès lapè pou pèp ayisyen an. Moun ki kalifye pou resevwa meday sa se sòlda ki gentan pase 90 jou ap travay anndan misyon an.





Seremoni meday sa se yon okazyon tou pou kontenjan yo prezante tradisyon ak kilti peyi yo e pèfòme dans ak espò. Lè seremoni an fini, yo tou pwofite rasable pou diskite ansanm e fratènize ak tout lòt nasyon ki konstitye kokenn chèn fanmi sòlda lapè yo.



SMS - SM



KONPAYI PEYI PEWOU

Kas ble PERCOY ak PARENGCOY yo vizite òfelina "Hope House" ki nan Fon Parizyen jou ki te 22 fevriye a. Òfelina sa genyen 359 tifi ak ti gason ladann. Gwooup komedi fanm nan "Funny Time" ak twoup kloun la "Funny Bone" – tout se sòlda PERCOY – te divèti timoun yo avan yo te pataje yon bon dejene diri, pouding ak ji. Yon jou avan sa, PERCOY te distribiye 10,000 lit dlo potab nan òfelina sa ak 3,000 lòt lit bay 70 fanmi ki abite nan zòn nan.



Nan foto anlè a, ekip NEPBATT la te tanmen yon jounen medikal nan kan moun ki deplase yo nan Belvil jou ki te 22 janvye a kote yo te bay swen ak 80 pasyan.

Nan foto anba a, soti 18 rive 20 janvye, menm ekip medikal sa te patisipe nan yon fwa medikal nan Kwadèboukè kote 439 moun te jwenn laswenyay.



BATAYON PEYI NEPAL

SÒLDA LAPE

Jou ki te 21 janvye a, twoup aviyasyon ajantin an te mennen yon egzèsis rechèch ak sovtaj ak de avyon e yon ekip konvwa. Yo mennen jan egzèsis sa yon fwa nan yon mwa pou fòme pèsonel la nan rechèch ak sovtaj nan lanmè , kijan pou yo reyaji lè gen dlo, eki jan pou yo deplwaye sou teren an si ta gen yon ijans, Jan de fòmasyon sa yo pèmèt yo ede evakye moun ki ta an detrès sou lanmè a.

Pèsonèl dantè BOLCOY yo mennen yon operasyon sivil militè nan òfelina "Foyer des Enfants Demunis d 'Haiti (FEDD), nan Kwadèboukè jou ki te 18 fevriye a kote yo egzaminen bouch timoun yo e ba yo bwòs dan. Yo te distribiye tou founiti klasik tankou kaye, règ, gòm ak kreyon bay timoun yo.



**KONPAYI
PEYI BOLIVI**



ENJENYÈ MILITÈ PEYI BREZILI



Kas ble BRAENGCOY yo te distribiye manje bay 97 timoun nan òfelina Rose Mina de Diegue nan Petyonvil. BRAENGCOY distribiye dlo potab tou nan òfelina sila chak semèn. Nan foto pi ba a, ekip BRAENGCOY ki konn fouye pi a, te retire yon ponp sibmèsib e netwaye pi atezyen an nan lekòl Jean-Baptiste Pointe du Sable nan Sen Mak.



Kas ble PARENGCOY komemore fanm ki nan konpayi a jou ki te 24 fevriye ak yon mès ekaristik epi yon bon dine. Yo te selebre jou sa nan tout Peyi Paragwe nan lonè "Premye asanble medam amerikèn yo" nan lanne 1867 nan vil Asònsyòn, ki te bay tout bijou ak biblo yo te genyen pou sipòte koz lagè twa alyans lan.

- SMS -

SOLDAT LAPÈ

SMS - SM



Jou ki te 21 fevriye a, twa sòlda PERCOY sou lòd Dr. Claudio Alvarez Lam, dòktè konpayi "Chavin de Huantar" te bay swen sante ak moun kap viv nan kolèj Nòtredam Fratènité nan Kwadèboukè. 70 granmoun ak timoun te benefisyé de aktivite sa.

Sèzyèm batayon Srilankè a konstwi yon abri pou moun kap tann bis nan Lewogan jou ki te 16 janvye a. Abri sa ka pran 10 moun.

Abri kote bis yo konn kanpe a sitiye sou wout nasyonal nimewo 2 a, e li sèvi moun ki pral nan nò ak nan sid e li pèmèt pasaje yo tou pare solèy ak lapli pandan yap tann bis .



Enjenyè INDOENGOY yo repare karant kilomèt wout soti Pòdepè rive Janrabèl nan nòdwès peyi a tou pre lanmè a. Pwojè a te komanse nan mwa novanm 2012 la..



**KONPAYI
PEYI PEWOU**



**BATAYON PEYI
SRILANKA**



**ENJENYÈ MILITÈ
PEYI ENDONEZI**



Dis kas ble gwooup elikoptè peyi Chili a te vizite 120 timoun nan òfelina Bon Samariten jou ki te 4 fevriye a e yo te pote kado, bonbon, founiti klasik ak rad pou yo . Sòlda yo vizite òfelina sa de tanzantan e sa se te dènye vizit gwooup sa anvan yo retounen nan peyi yo. Kas ble yo te tris anpil.



Kas ble CHIECUENGCOY yo distribiye dlo potab bay moun ki abite kole ak òfelina “Rose Mina” nan Pòtoprens jou ki te 11 fevriye a.



BRABAT 2 te organize yon sinema jou ki te 22 fevriye a sou plas lapè a ki tou pre Dèlma 2. Aktivite sa yo gen pou objektif reyini jèn yo ansanm pandan yon aprèmidi, aktivite sa bon pou edikasyon yo epi tou pèmèy yo divèti yo. Yo te pase fim ki rele “ Fo Ougan an”, e apre fim nan, Kaporal Tony Eduardo Reis te mete anbyans mizikal e sòlda yo te fè yon sho “capoeira,” yon dans brezilyen ki marye mizik , dans ak espò.



- SMS - SM



UN photo / Logan Abassi

*"Met lapè se pa yon job pou solda,
men se rèl solda ki ka fèl".*

Dag Hammarskjöld,
Sekretè Jeneral Nasyonzini 1953-1961.
Pri Nobèl lapè 1961.